Ассаламу гIалайкум!

# ЩIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 соналъул
2 декабрь
РУЗМАН

№50
(7433)

Газета бахъизе
байбихьана
1937 соналъул
1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**МухIамад Шамхаловас 100 сон тIубаялде**

## Миллаталъулъ, маданияталъулъ ва адабияталъулъ кIочонареб лъалкI тарав

**24 ноябралъ Агъвали маданияталъул КIалгIаялда тIобитIана машгьурав хъвадарухъан, журналист ва жамгIияв хIаракатчи МухIамад Шамхалов гьавуралдаса 100 сон тIубаялда хурхараб рохалилаб тадбир. Гьелда хурхун район алъул библиотекаялъе кьуна МухIамад Шамхаловасул цIар ва миллияб культураялъул централда рагьана гьесул кабинет-музей.**

Юбилей кIодо гьабизе рачIаразда гьоркьор рукIана МухIамад Шамхаловасул гIагарлъи, творчествоялъулал хIалтIухъаби, хIурматиял гьалбал, гьесул гьудул-гьалмагъзаби ва радиоялъулгун телевидениялъул хIалтIухъаби.



Рохалилаб тадбир рагьарав районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас, МухIамад Шамхаловасул юбилей кIодо гьабизе рачIарал гьалбадерие баркала загьир гьабулаго, абуна:

-ГIумруялъул нухда жидеца кIочонареб лъакI тарал чагIи гIемерал руго магIарулазда гьоркьор. Гьединаздаса цоявлъун ккола жакъа нилъеца жив гьавуралдаса 100 сон тIубай кIодо гьабулев магIарулазул хъвадарухъан, прозаик, журналист ва жамгIияв хIаракатчи МухIамад Шамхалов. Районалъул администрациялъул депутатазул корпусалъул ва дирго рахъалдасан баркула МухIамад Шамхаловасул лъималазда, Лъондода росдал жамагIаталда, журналистазулгун хъвадарухъабазул коллективазул гIуцIабазда ва гьаб тадбиралда гIахьаллъулезда МухIамад Шамхалов гьавуралдаса 100 сон тIубай. Нилъ рохарал ва чIухIарал руго гьединав чи нилъер районалда вахьиналдаса, ва гьес адабиятгун миллияб мацI цIуниялъулъ тараб кIочонареб лъалкIдаса,-ян.

АнвархIажи Вечедовас хас гьабун бихьизабуна МухIамад Шамхалов гIадал гIадамазул гIун бачIунеб гIелалъе ВатIан хиралъиялъул ва маданиятгун адабият цебетIезабиялъул рахъалъ бугеб кIваралъул, лъикIаблъун рикIкIана сонайил Агъвали тIоритIизе шамхаловасулал цIалиял.

Машгьурав журналист ва хъвадарухъан МухIамад Шамхаловасул гIумруялъулгун творчествоялъул лахIзатаздаса гIуцIараб видеослайдалъухъ балагьун хадуб кIалъазе вахъарав «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редактор ГIали Камаловас бицана жиндие гIумруялъул икъбал кканин мунагьал чураяв МухIамадилгун ккараб лъай-хъваялъгун гьудуллъиялъ.



-Ассаламу гIалайкум магIарулал, цIумадисезул жамагIат! ТIолабго гIумруялъ инсан талихIавлъун вукIунаро, рукIуна талихIал лахIзатал. Гьединаб лахIзатлъун буго дие жакъасеб къоги. Дун вохарав ва чIухIарав вуго жакъа нилъеца МухIамад Шамхаловасул юбилей кIодо гьабулеб букIиналдаса. Дир гIумруялда жанибги гьес кIочонареб лъалкI тана. РакIалда буго, анцIго классги лъугIун, дун редакциялде хIалтIизе вачIараб заман. Дир анищ букIана кIиго лъагIалидасан Саратовалде юридикияб факультеталде цIализе ине. Дица байбихьана подчитчикасул хIалтIудасан, кIиго сонидасан дун хIалтIудаса эркен гьавеян гIарзагун ана дун МухIамадихъе. Гьес дир ракIчIезабуна юристасги журналистасги инсан цого къагIидаялъ цIуниялда ва дир лъикIав журналист вахъине вукIиналда. Гьедин хисана дир пикру. Ана сонал, цIубана махщел ва гьале жакъа дун хIалтIулев вуго дос нухмалъи гьабулеб букIараб газеталъул бетIерав редакторлъун.

ГIали Камаловас бицана МухIамад Шамхаловасул къисмат кинаб букIине букIарабали лъаларин росулъ йикIарай гьесул гIурус учительница Оксаналги ва «МагIарул большевик» газеталъул редактор Ражаб ДинмухIамаевасулги кумек щвечIебани.

Баркиялъулаб кIалъаялдаса хадуб ГIали Камаловас МухIамад Шамхаловасде гьарурал кучIдузул конкурсалъул хIасилал рачана. ТIоцебесеб бакI щвана Сагьадаса Хизри МахIмудовасе, кIиабилеб бакI кьуна Гьизилюрталдаса ТIалхIат Ахъбердиевасе, лъабабилеб бакI - ТIиндиса СалихIат ХIасановалъе. Бергьаразе кьуна гIарцулал сайгъаталгун грамотаби ва МухIамад Шамхаловасул тIахьал.

Районцоясул хIакъалъулъ кIалъазе вахъарав Дагъистаналъул халкъияв артист Каримула ГIабдулаевас бицана МухIамад ва магIарулазул кочIохъан Даку рихьизе жиндир букIараб анищалъул.



-ГIумруялда жаниб дир букIана кIиго анищ: хъвадарухъан МухIамад Шамхаловги магIарулазул «Орфей» Даку Асадулаевги рихьизе. КIицIул ана дун шагьаралде щвейгун МухIамадихъе щвезе, гьев Москваялде ун ватана. Дакулги къисмат нужеда лъала, гIумру къокъав ватана. Гьединлъидал дица абила гьал рагIаби.

**Чи чIагого вецце, чIагого каке,**
**ЧIахI тIад бижун хадуб, гьеб рагIуларин.**
**РагIи бадиб абе, берал рукIадго,**
**Берал къанцун хадуб, гьеб босуларин.**
**Чи хведал рукьбузе кьечIого рокьи,**
**Ракьалда вукIадго, инсанасе кье.**
**Индал хьвагIичIого, гьудуласде квер,**
**Хьолбохъ вукIадго, кумекалъе кье.**







МухІамад Шамхаловас 100 сон тІубаялде

# Миллаталъулъ, маданияталъулъ ва адабияталъулъ кІочонареб лъалкІ тарав

1



МухІамад Шамхаловасул «Нуж кир гІедегІарал, гІумрудул къоял?» абураб кечІ ахІулаго, халкъияв артистасул бадиб магІу хулана, ва тадбиралда гІахьаллъаразе пашманаб асар гьабуна.

МухІамад Шамхаловас 100 сон тІубаялда хурхун Агъвали тІобитІараб гьеб тадбир гІемерисезул рекІелъ хутІила, гьенив кІалъазе рахъарал ораторазрорхарал гьанже заманалъул суалаздалъунги. Москваялдаса вачІарав МухІамад Шамхаловасул росуцояв, врач, жамгІияв хІаракатчи СагІидов ГІабдурашидица абуна гІемер лъикІал рагІаби МухІамадил хІакъалъулъ.

-ГІемерал кІочонарел гІумруялъул лахІзатал тІамуна дица имгІалгун цадахъ. Абизе бегьула, гьес куцанин дилъ гІаданлъигун яхІ-намус. Гьес абулаан «Залимасдаса хІинкъуге, загІипав къваридги гьавуге»-ян. Гьел рагІаби кидаго рекІелъ хутІана. ГІемерисел диниял экстремистаз абулеб буго жидеца ислам цІунулеб бугилан. Амма ислам, кигІанго зулмуялъукье кканиги, азаралда щунусго соналъ чІагого буго. Гьеб кинабгІаги ва лъилгІаги цІуниялде ккун гьечІо, гуребани, гьеб цебего кІочон тезе букІана. Нилъее жакъа къваригІун буго рекъел, гьудуллъи ва экономикиябгун-культурияб цебетІей,-ян абуна ГІабдурашидица. Гьесул гьел рагІаби рукІана районалъул гІолилазде хитІаб гьабун абурал.



Дагъистаналъул гІелмияб централъул мацІалъулгун литературияб ва искусствоялъул институталъул директор МухІамад МухІамадовас Шамхаловасул гьунаралъул ирсалъул бицунаго, бихьизабуна МухІамад Шамхаловас 100 сон тІубаялъул тадбир лъугьанин гьесул гІумруялъул ва творчествоялъул жеги нилъеда лъаларел гьурмазул рагьилъун, ва ахІана бачІунеб гІелалъе Шамхаловасул хІакъалъулъ лъалебщинаб цІунизе.

Жидерго баркиялъулал кІалъаязулъ шагІирзаби Сабигат МухІамадовалъ ва МухІамад ПатахІовас, Дагъистаналъул художниказул союзалъул председатель КъурбангІали МухІамадовас, Дагъистаналъул халкъияв артист МухІамад МухІамадовас ва цогидазги жидерго чІухІи загьир гьабуна миллаталъе мацІги, адабиятги, маданиятги цІунарав хъвадарухъан вахъиналдаса.





Рохалилаб тадбиралъе хасаб берцинлъи кьуна «Саппа» ансамблялъул кьурдухъабазги, Гьигъалъ-гІурухъ школалъул цІалдохъабаз бихьизабураб МухІамад Шамхаловасул «Вац» асаралъул инсцинировкаялъги, культураялъул хІалтІухъаби Хадижатгун Дибир МухІамадоваз МухІамад Шамхаловасул хІакъалъулъ ахІарал кучІдузги, «Бакъ» лъималазул ахалъул гьитІичазулгун Агъвали школалъул 3 классалъул цІалдохъан Фатима Дибировалъул церерахъиназги.










МухІамад Шамхаловасул гІагарлъиялъул рахъалъан кІалъазе яхъана Агъвали школалъул учительница ПатІимат Шамхалова.



Ахиралда цере рахъана жидерго миллияб кьурдигун ТІинди росдал культураялъул хІалтІухъаби.

Тадбиралъул ахиралда районалъул бетІер АнвархІажи Вечедовас абуна жинда жакъа лъанин МухІамад Шамхаловасул асаразул магІарул адабияталъе бугеб кІудияб кІваралъул.

Гьелдаса хадуб киналго гьалбалгун цадахъ ана банкеталъул залалда лъандадерил жамагІаталъ гІуцІараб тепсиялде, ва гьенибги рохалилаб ахІвал-хІалалда бицана МухІамад Шамхаловасул хІакъалъулъ. Районалъул нухмалъиялъе, гьалбадерие ва тадбиралда гІахьаллъаразе кІудияб баркала загьир гьабуна МухІамадил яс Татьяна Шамхаловалъ. Данделъарал рази хутІана берцинго, гІуцІадго ва тІадегІанаб даражаялда тІобитІараб тадбиралдаса.

**МухІамад Шамхалов!**
**ЧІаго вуго мун,**
**ЧІухІигун рехсола дур цІар наслабаз.**
**Наслаби хисила сонал сверила,**
**Амма дур цІар даим хутІила чІаго.**



З. Сажидова

**МухIамад Шамхаловасул хIакъалъулъ ракIалдещвей**

# Ссунареб чирахълъун даим хутIарав

МухIамад Шамхаловасул хIакъалъулъ тIоцебе дида рагIана 1964 соналъ школалда цIалулаго авар авар мацIалъулгун адабияталъул мугIалим дир эбелалъул вац ГIумар МухIамадовас «Дир эмен» абураб МухIамад Шамхаловасул проза цIалулаго. ИмгIалас бицана Шамхалов жиндир божарав гьоболги гьудулги вукIанин, жив Лъондода школалъул директорлъун хIалтIулел рагъда цересел соназдаян. Дир МухIамад Шамхаловасулгун тIоцебе лъай-хъвай ккана 1970 соналъул октябрь моцIалъ. Авар педучилищеялда ункъабилеб курсалда цIалулев дун практикаялъе кIиго моцIалъ витIана Хуштада гьоркьохъеб школалде.



Росулъ билъанхъараб гIадат букIана гIачиязулги хIамузулги вехьлъуда иргаялда унеб. Цо къоялъ инсуца абуна хIамузулги, гIачиязулги ирга бахъи цо къоялъ ккун бугин, дун живгун вехьлъуде ирга бахъизе вачIине ккелин абун. Къо букIана роцIцIараб ва хинаб. Ниж рукIана хуштадерил бакълъул рахъалда бугеб «Гьакьара» абулеб майданалда. Цойидасан Лъандал Агъвалире лъелго хьвадулеб нухккун вачIунев хъахIал къвалал къокъал гурдалгун, ботIрода шляпабигун, ран галстукал кIиго лъелав вихьана дида. Гьел рачIунел рукIана дун гIодов чIун вугеб гохIдехун. АскIор гIагарлъанагIан дида бихьана цояв нухлулав дагьавго рекъдолев вукIин. РакIала ккана гьев педучилищеялда дие авар мацIалъул дарсал кьолев МухIамад ГIабдулаевгIаги гуродай абун, гьесда лъандадерица (Гьодарулевинги) абулаан. Дун мекъ ккечIо, гьев ватана МухIамад. Саламги кьун аскIоре щведал, ГIабдулаевас, цадахъ вугев жиндир гьалмагъасдеги вуссун, абуна: «МухIамад, гьав вуго дир училищеялда вугев цIалдохъан, Хуштадаса ГIумарил МухIамадил вас ГIабдула. Гьас кидаго авар мацIалъул диктантал лъикI хъвала. Гьав щай дуца, цIали лъугIигун, редакциялде хIалтIизе вачунарев?»,-ан. Дида бичIчIана гьев чи МухIамад Шамхалов вукIин. Дидехунги вуссун МухIамад ГIабдулаевас абуна: «Гьав чи вуго нилъер «БагIараб байрахъ» газеталъул редактор МухIамад Шамхаловилан». Нилъ гьелда тIад ургъилин абуна Шамхаловас. Гьел свак чучизе дида аскIор гIодор чIана.

Нуж щай лъелго рачIунелилан дица гьикъидал, гьез абуна машина гьабсагIаталъ хадуб бачIунеб бугилан. МухIамадицаги дицаги къотIи гьабуна гIолохъанаб мехалъ ниж гIемер хьвадараб гьаб нухдасан, Агъвалире щвезег1ан лъелго ине. Дов доб рахъалда вугев чи щиван гьикъана дида Шамхаловас. Дица эмен вугилан абидал, гьес МухIамад ГIабдулаевасда абуна гьав нилъгун КIванада цIалулев вукIарав МухIамадил васгIаги гурищан абун. Эмен вихьичIого лъебергогIанасеб сон бугин жиндир, гьев нилъеда аскIове ахIеян абуна Шамхаловас. Дица инсуда ахIана гьал нухлулал щалали рихьизе гьанивехун вачIаян. Эмен аскIове щведал, гьел цоцада хурхана ва гьезул бадиса рохалилал магIил горал гирана. ГIодор чIун кIиго лъабго сагIаталъ накъиталда рукIана, ургъел рохел цо-цазе бикьулаго. КватIичIого тIаде щвана Шамхаловасул машина «Волга». Шамхаловас шоферасе амру гьабуна машинаялъуб бугеб бертадул бутIа жидер гьудул МухIамадие къватIибе бахъеян, бицана жал гIагарав чиясул берталъе рачIун рукIараллъи. Нухда регIулаго Шамхаловас дихъе кьуна редакциялъул ва жиндирго рукъалъул адрес. ХIажалъи ккедал, жиндихъе вачIеянги абуна. Гьоркьор сонал ана. Дун училищеги лъугIун, цIализе лъугьана пединституталъул музыкалиябгун-педагогикияб факультеталде. Ункъабилеб курсалда цIалулаго, дун практикалде ккана МахIачхъалаялъул №15 школалде. Гьениб практикантаз гIуцIизе кколаан класстун къватIибехун тIобитIулеб хIалтIи. Дица 23 февралалда Советияб Армиялъул ва ралъдал флоталъул къо тIобитIизе пикру гьабуна. Гьениб гIахьаллъи гьабизе ахIизе ккола ан поэт яги хъвадарухъанрагъулгIахьалчи. ДидаракIалдаккана дида лъалев рагъул гIахьалчи хъвадарухъабазул союзалдаги гьечIин, Шамхаловасухъе ваккани щибдай ккелаян. Гьедин гьабизеги гьабуна. МухIамад ватана хIалтIуда, дун вачIин лъайдал ахIана кабинеталде. ТIоцебе гьикъана жиндихъе щай вакичIев ункъго соналъ гьанив цIалулелъул, инсулгун эбелалъул ахIвал-хIалалъул, росдал жамагIаталъул хIакъалъулъ. Дун кинаб мурадгун вачIараблъи бицидал, МухIамадица абуна: «Гьеб ишалъе нилъее мустахIикъал чагIи ругин рагъул гIахьалчагIи шагIир ГIабдулмажид Хачалов яги хъвадарухъан МухIамад Сулиманов. Гьеб сагIаталъ МухIамадица телефоналъ ахIана МухIамад Сулимановасде ва къотIи-къайи гьабуна дир гьеб тадбиралде Хачаловгун рачIине. Тадбир ана тIадегIанаб даражаялда, школалъул дирекциялъ дир практикаялъе тIадегIанаб къиматги кьуна. Тадбир тIубан нахъ рачIунаго, мунагьал чураяв МухIамад Сулимановас абуна МухIамадида дунгун цадахъ жиндихъе рокъоре ине ругилан. Нижее гьес лъикIаб гьоболлъи гьабуна ва дие сайгъаталъе кьуна «Аппараг» абураб жиндир тIехь.

МухIамад Шамхалов вукIана цIакъго хIалимав, гIамал берцинав, гIодове виччарав, гьитIинасулгунги кIудиясулгунги хабар рекъезабизе лъалев чи. Гьес гIемер бицунаан жиндирго лъимерлъиялъул, бихьараб гIакъубаялъул. Бицунаан ЦIадаса ХIамзатилгун жиндир букIараб гьудуллъиялъул. ХIамзатил рокъов жив вукIанин гьесул щуабилев васлъун, ХIамзатги жиндие эменлъун вукIанин абулаан гьес.

Цо нухалъ жив ХIамзатихъе щведалин бицана МухIамадица, ХIамзатги Хъандулайги ратанила кIкIуйдул рукъги цIезабун, гордал нуцIбиги рагьун. Щиб ккараб ХIамзатилан гьикъидал, ХIамзатица абунила гIощтIол гIоркьги бекун, цIул цIадаб халатабго лъун букIанин, печалъул нуцIаги рагьарабго тун, гьури пуйдал, кинабго кIкIуй рагьараб нуцIихъа къватIибе кIанцIанилан. Жинца абунила ХIамзатида жиндихъ вац ГIабдулаца битIун ЦIумадасаго гIоркьги чIван бачIараб цIияб гIащтIиги бугин, метерго гьебги босун живги вачIинин абун. КIиабилеб къоялъ жив командировкаялъе Москваялде ине ккана. ТIадвуссун рокъове вачIиндал, Файнаца абунила ХIамзат вачIун вукIанин нилъехъе, гьес гьаб кагъатги танин духъе кьеян абун. Гьеб кагътида ХIамзатица хъван ратанила гьал хадур рехсарал рагIаби:

**«ГIащтIиги бегIерав, гIоркьги халатав,**
**Шамхалил МухIамад, салам дир дуде.»**

ХIамзат хIалтIуда вукIинги лъан, жив хехлъи гьабун, гIащтIиги босун, гьесухъе анила. Хъандулалда вихьулаpедухъ, гIащтIиги рокъобе бегьун, нахъе анилан. Дун пединституталъул тарихалъул факультеталде цIалулеб мехалъ МухIамад хIалтIулев вукIана «Лачен» журналалъул редакциялда. Дир дипломияб хIалтIи гьеб машинкаялда кьабизе кколеб букIана. Дун ана гьесухъе гьеб хIалтIиги босун, кумек гьарун. Дипломияб хIалтIул тема букIана «Багвалазул эркенал союзал XVIII гIасруялъул ахиралда ва XIX гIасруялъул авалалда» абураб. МухIамадица абуна живги багвалав вугелъул, хIалтIи жинцаги цIализе кколин ва лъабго къойидаса хIадураб букIине бугилан. ЛъикIаланго тIаде жураялги гьарун хIалтIи хIадурун батана. ХIалтIи чуризе Файнахъе рокъоре ине ккелинги абун, дун жиндихъего рокъове вачана. Файна ятана гIажаибго хIалимай, хIеренай гIадан. Ниж рокъоре щваралго, гьелъ нижее как базе санагIалъи гьабуна. Как-диналъе МухIамад кидаго хилиплъичIин абуни, дун мекъи ккеларо. Унсоколо районалъул цо пуланаб росулъе командировкаялъе щведал жиндир кIиго гьалмагъ-обкомалъул хIалтIухъаби иргадал парчигун хъулухъ тIубазе къватIире унел рукIанин бицана МухIамадица. Хъулухъ тIубан хадуб, гьев кIиявго гьалмагъ гIодор чIедал, жинца абунин гьезда гьанже гьеб парчи редакторасухъе бегье как базеян. Гьел жиндихъ балагьун хутIанин дуцаги какищ бала абун. Жинца жаваб кьунин гьезие дунги нужго гIадав бусурманчи гьечIищан абун ва жинца Къуръаналъул аятал цIалулаго, гьев кIиявго гьалмагъ тамашалъун хутIанин. Пандур хъвазеги кIудияб махщел букIана МухIамадил. Хьвада-чIвадиялъулъ, гIумру гьабиялъул, хIалтIул, каламалъул рахъалъ мисал бихьизабулаан гьес, хасго бокьулаан гьесие сундулъго мухIканлъи ва ритIухълъи. Гьев ккола магIарулазул ва дагъистаниязул рухIиял церехъабазул цоявлъун, гьес мустахIикъаб бутIа лъуна Дагъистаналъул гIемер миллатазул адабият бечед гьабиялъулъ. Гьесие цIакъ бокьулеб букIана магIарул мацIги, миллатги, адабиятги маданиятги.

МухIамад Шамхаловас магIарулазе нахъе тана адабияталъе хвел гьечIеб ирс-рухIияб бечелъи.

Дие гьаб макъала лъугIизабизе бокьун буго ТIалхIат Ахъбердиевас МухIамад Шамхаловасул хIакъалъулъ хъварал кочIол рагIабаздалъун.

**Нилъер маданият**
**Бечед гьабулел**
**ХIаракатчагIазда**
**Гьоркьов вукIарав**

**ГIелал хисаниги**
**Халкъалъул рекIелъ**
**Ссунареб чирахълъун**
**ХутIила даим!!**

**ГIабдула МухIамадов,**
ДРялъул мустахIикъав мугIалим

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2000 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## ЦIумада йижарай цIар берцинай яс

Мун кий йигей бице, дир рекIел гьудул,
РикIкIадаб магIарухъ дунгун дандчIварай.
ЧIор бераз речIчIарай, кий тIагIарай мун
ТIинди росулъ дунгун цадахъ цIаларай?



Мун арай бакI бице, рекIел хазина,
ЦIорораб хаселалъ хинлъи дий кьурай.
ЦIураб моцI гIадинаб, гьумер бугей яс
Росулъ цIеханиги ятулей гьечIо.

ЦIвак-цIвакараб гьумер кибедай араб?
Гьализе гьинал ракI жинца тIамураб.
ТIегь гIадай берцинай йихьулей гьечIо
ЧIегIер бераз дица гIужий йосарай.

ТIоцебесеб рокьи билун буго дир
Районалда дунгун дандчIван букIараб.
КигIан цIеханиги, ятулей гьечIо
ЦIумада йижарай цIар берцинай яс.

**Муса МухIамадов**, Чонтаул росу

## Внимание, розыск!

Правоохранительные органы разыскивают Асельдерова Рустама Магомедовича, Мирзаева Гаджи Атаевича, Амирова Ибрагима Магомедовича и Моцаева Валида Уахитовича, подозреваемых в совершении тяжких и особо тяжких преступлений.

Если кто-либо из вас владеет информацией о местонахождении преступников, просим сообщить по телефонам:
**- 99-45-00, 68-26-79, 99-41-09 или 02**

**Вознаграждение и анонимность гарантируются.**
**Информация о разыскиваемых:**



Асельдеров Рустам Магомедович, 1981 г.р. Находится в федеральном розыске по ст. 105 УК РФ (убийство) и ст.222 УК РФ (незаконные приобретение, сбыт, хранение или ношение оружия и (боеприпасов).

Сумма вознаграждения - 5 млн. руб.



Мирзаев Гаджи Атаевич, 1992 г.р., находится в федеральном розыске по ст. 205 УК РФ (террористический акт).

Сумма вознаграждения - 3 млн. руб.



Амиров Ибрагим Магомедович, 1989 г.р. Находится в федеральном розыске по ст.317 УК РФ (посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа), ст.222 УК РФ (незаконное приобретение, сбыт, хранение или ношение оружия и боеприпасов) и ст. 105 УК РФ (убийство).

Сумма вознаграждения - 3 млн. руб.



Моцаев Валид Уахитович, 1988 г.р., Находится в федеральном розыске по ст.317 УК РФ (посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа) и ст.208 УК РФ (организация незаконного вооруженного формирования или участие в нем).

Сумма вознаграждения - 3 млн. руб.

**Пресс-служба ОМВД по району**

## Огь, пенсия, пенсия…

**ГIабдула Зубаиров**



Баракатаб, хIалалаб,
ХIажатаб дир пенсия!
ХIарамаб рас жубачIеб,
Жиндир заманалъ щолеб.

ХIилла-макру цIикIкIараз,
ЦIикIкIун тIалаб гьабулеб,
ТIалаб-агъаз гьечIезе,
ТIинкIулареб пенсия…

Абадияб рукъалъе,
Нахъарукъги пенсия,
Лъималазе магарич,
Мискиназе садакъа!

Банкаялъуб цIунулеб,
ЦIогьаца чан гьабулеб,
Чанги мискинав пакъир,
Пал тIамизе тIамураб…

ЗагIипазе загIипаб,
Залимазе залимаб,
Закат-сахI бахъулареб,
Баркат-рахIмат цIикIкIараб.

Бицатаб габуралъул,
Гавур вуго инвалид,
Гургинаб лагаялъул,
Лодир йиго инвалид…

Жидиего шаргI гьабун,
Шабашка кьун гьабула.
Щивасе инвалидлъи,
ТIолгоязе пенсия…

ТIаса лъугьаян абун,
Лъиде дуца абилеб?
Лъилго бутIа жубараб,
Жаваб кин кьезе бугеб?!

Колхозалда хIалтIичIез,
ХIилла гьабун босула,
Как-диналъул чагIицин,
Чарлъулел руго цо-цо…

Колхозалда хIалтIарал,
ХIал щун гIузру ккаразе,
Пачалихъалъ пенсия,
Минимальный щай
кьолеб?!...

Огь, пенсия, пенсия,
Прожиточный минимум,
Пачалихъалъул закат,
ЗахIматхалкъалъул божи.

Чорхолъ гIузру гьечIеца,
«ГIантав» вугин гьабулеб!...
ГIакълу-пикру камилас,
«Камуравин» гьабулеб…

Малъ къотIаразе сабаб,
Санкция букIунареб,
Мун камун хутIугеги,
Херлъиялъул гIаламат…

Корзинка бечелъаги,
Багьаби учузлъаги,
Улка щулаго таги,
Шагьи-пара цIикIкIаги!
Амин!

## Спорт

### Спорталъул миллиял тайпабазул къецал

**140 цIалдохъанас гIахьаллъи гьабуна спорталъул миллиял тайпабазул рахъалъ т1орит1арал районалъул къецазда.**

Дагъалъ цебе Агъвали тIобитIана 2002-2003 ва 2004-2005 соназ гьарурал цIалдохъабазда гьоркьоб спорталъул миллиял тайпабазул рахъалъ къецал.

Гьенир гIахьаллъана: Агъвали, ТIинди, КIванада, Гигьалъ, ТIадгъаквари, Гъоркьгъаквари, ТIисси-ахикь, Эчеда ва Къеди росдал школазул командаби.



Къецал тIоритIана спорталъул анцIила лъабго батIияб миллияб тайпабазул рахъалъ.

ХIалуцарал къецазул хIасилазда 2002-2003 абилел соназ гьарурул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна Агъвали росдал школалъул командаялъ, кIиабилеб - Гигьалъ, лъабабилеб - ТIисси-ахикь росдал школалъул командаялъ.

2004-2005 абилел соназ гьарурал цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна Гигьалъ росдал школалъул цIалдохъабаз, кIиабилеб бакIалде ккана Агъвали, лъабабилеб бакIалде - ТIинди росдал школалъул командаби.

Бергьаразе ва призеразе кьуна дандкколел даражабазул грамотаби.

**Ш.Сажидов**